Massachusetts
Aplikasyon pou Benefis SNAP

USDA Supplemental Nutrition Assistance Program
Putting Healthy Food Within Reach

Department of Transitional Assistance

Kijan pou m aplike pou benefis SNAP?
• Aplike anliy nan www.DTAConnect.com Se fason ki pi rapid la!
• Fakse dokiman sa a nan **617-887-8765**
• Voye li pa lapòs nan **DTA Document Processing Center, P.O. Box 4406, Taunton, MA 02780-0420**
• Ale nan nenpòt **biwo DTA**

Siyati:	Prenon:	Dezyèm Prenon:

Adrès Rezidansyèl::	Vil, Eta, Kòd Postal:
Adrès Postal (si diferan):	Vil, Eta, Kòd Postal:
Nimewo Telefòn:	Èske w nan sitiyasyon sanzabri? ☐ Wi ☐ Non

DTA kapab voye mesaj tèks ba ou konsènan dat delè yo, enfòmasyon sou dosye w la, dat fèmti biwo yo, ak lòt enfòmasyon enpòtan. Tanpri sonje ke ka gen frè pou mesaj ak done.

Si ou **pa** ta renmen DTA voye mesaj tèks ba ou, tanpri koche kare sa a: ☐

Ak siyati m, mwen dakò ke:

- Mwen te li tout fòm sa a (oswa yon moun te li l pou mwen nan yon lang mwen konprann), ki enkli seksyon sou dwa ak responsablite a, epi mwen konprann ke m dwe konfòme m ak règleman sa yo;
- enfòmasyon mwen bay yo se verite epi konplè dapre tout sa mwen konnen;
- Mwen kapab pran prizon oswa oblije peye amann si mwen bay move enfòmasyon oswa enfòmasyon ki pa konplè tout eksprè;
- DTA ak lòt otorite federal, etatik, ak lokal yo ka verifye (tcheke) nenpòt enfòmasyon mwen bay.

Siyati:	Dat:

- **Nou pral aksepte aplikasyon w lan si li gen non w, adrès ou (si sa aplikab), ak siyati w.**
- **Si yo apwouve aplikasyon w lan, benefis SNAP ou yo pral remete nan dat DTA te resevwa aplikasyon w lan.**
- **Rele nou pou fè yon entèvyou nenpòt lè ant 8:15 AM ak 4:45 PM, lendi jiska vandredi, nan 877-382-2363.**

Ou ka resevwa benefis SNAP ou yo nan 7 jou si:

- Revni w ak lajan ou genyen labank totalize mwens ke depans mansyèl ou pou lojman; oswa
- Revni mansyèl ou mwens ke $150, epi lajan ou gen labank se $100 oswa mwens; oswa
- Ou se yon travayè migran epi lajan labank ou se $100 oswa mwens.

Èske ou gen yon kat Transfè Benefis Elektwonik Massachusetts (EBT)? ☐ Wi ☐ Non

Kat EBT yo toujou fonksyone si yon dosye relouvri apre yo te fèmen l. Si ou pa gen yon kat EBT, nou ka voye youn ba ou pa lapòs oswa enprime youn nan yon biwo lokal. Ou ka resevwa yon kat EBT anvan nou deside kalifikasyon w pou ka itilize benefis ou yo osito ke yo disponib, si ou kalifye. Lè ou resevwa kat EBT w la, ou pral resevwa tou plis enfòmasyon sou fason pou itilize li.

ADA Americans with Disabilities Act

Si w bezwen èd akoz yon andikap, nou ka ba ou akomodasyon pou fasilite kolaborasyon w avèk nou. Rele 877-382-2363 pou mande enfòmasyon sou yon akomodasyon.



Èske ou se yon moun ki andikape? **Si wi, tanpri koche tip andikap ou a (yo):**	☐ **Fizik** ☐ **Oditif** ☐ **Vizyèl**	☐ **Entelektyèl/Koyitif** ☐ **Sante Emosyonèl/Mantal** ☐ **Lòt:**
Ki metòd kominikasyon ou prefere?	☐ **An Pèsòn** ☐	☐ **Sèvis Relè Videyo (SRV)** **Ni**
Èske Massachusetts te sètifye ke ou gen yon andikap?	☐ **Wi** ☐ **Non**	

Enfòmasyon sou ou menm

Nimewo Sekirite Sosyal:	Dat Nesans:	Sèks: Gason ☐ Fi ☐	Èske w ansent? ☐ Wi ☐ Non

Èske ou se yon Sitwayen Ameriken? ☐ Wi ☐ Non

REMAK: Non-sitwayen ameriken ki p ap aplike pou SNAP pa bezwen bay Nimewo Sekirite Sosyal yo oswa estati sitwayènte yo.

Ki lang ou prefere pale? _____

Ki ras ou?*

☐ Nwa oswa Afriken Ameriken ☐ Endyen Ameriken oswa Natif Alaskan ☐ Blan

☐ Azyatik ☐ Natif Awayen oswa Moun Lòt Zile Pasifik

Ki etnisite w?*

☐ Ispanik oswa Latino ☐ Pa ni Ispanik ni Latino

* Repons ou pa pral afekte kalifikasyon w. Nou poze kesyon sa yo pou fè si ke tout moun jwenn yon tretman ekitab kèlkeswa ras yo, koulè yo, oswa orijin nasyonal yo. Kite espas la vid si w prefere pa reponn.

Manm Fwaye

Èske gen lòt moun ki abite avè w? ☐ Wi ☐ Non

Si **wi**, tanpri ranpli seksyon anba a: Non-sitwayen ameriken ki p ap aplike pou SNAP pa bezwen bay Nimewo Sekirite Sosyal yo oswa estati sitwayènte yo.

Non	**Dat Nesans**	**Nimewo Sekirite Sosyal**	**Relasyon moun nan avè w?**	**Èske Moun sa a se yon Sitwayen Ameriken?**	**Èske moun sa a ap aplike pou benefis SNAP?**
				☐ Wi ☐ Non	☐ Wi ☐ Non
				☐ Wi ☐ Non	☐ Wi ☐ Non
				☐ Wi ☐ Non	☐ Wi ☐ Non
				☐ Wi ☐ Non	☐ Wi ☐ Non

Revni ki Fèt nan Travay

Èske gen yon moun ki te travay nan 30 dènye jou ki sot pase yo? ☐ Wi ☐ Non

Si **wi**, tanpri ranpli seksyon anba a:

Moun ki gen Revni an	Tip Revni	Anplwayè	Frekans	Salè Brit pandan 4 Dènye Semèn yo
	☐ Salè ☐ Travay Endepandan ☐ Lòt:		☐ Chak semèn ☐ Chak de ☐ semèn Lòt:	
	☐ Salè ☐ Travay Endepandan ☐ Lòt:		☐ Chak semèn ☐ Chak de ☐ semèn Lòt:	
	☐ Salè ☐ Travay Endepandan ☐ Lòt:		☐ Chak semèn ☐ Chak de ☐ semèn Lòt:	

Lòt Revni

Èske gen yon moun ki resevwa **nenpòt lòt tip revni** tankou Konpansasyon Chomaj, Pansyon Alimantè pou Timoun, Sekirite Sosyal, SSI, Aksidan Travay, Benefis pou Veteran, Pansyon oswa Revni nan Lwaye? ☐ Wi ☐ Non

Si **wi**, tanpri ranpli seksyon anba a:

Moun ki gen Revni an	Tip Revni	Frekans	Montan Brit
		☐ Chak semèn ☐ Chak de semèn ☐ Chak mwa ☐ Lòt:	
		☐ Chak semèn ☐ Chak de semèn ☐ Chak mwa ☐ Lòt:	
		☐ Chak semèn ☐ Chak de semèn ☐ Chak mwa ☐ Lòt:	

Depans pou Abri

Èske fwaye a responsab pou peye depans pou abri? ☐ Wi ☐ Non

Si **wi**, tanpri ranpli seksyon anba a:

Tip:	**Montan:**	**Frekans:**					
☐ Lwaye	$_____	☐ Pa mwa	☐ Pa semèn	☐ Chak twa mwa	☐ Chak ane	☐ Lòt:	
☐ Ipotèk	$_____	☐ Pa mwa	☐ Pa semèn	☐ Chak twa mwa	☐ Chak ane	☐ Lòt:	
☐ Taks sou Pwopriyete*	$_____	☐ Pa mwa	☐ Pa semèn	☐ Chak twa mwa	☐ Chak ane	☐ Lòt:	
☐ Asirans Kay	$_____	☐ Pa mwa	☐ Pa semèn	☐ Chak twa mwa	☐ Chak ane	☐ Lòt:	
☐ Frè Kondo	$_____	☐ Pa mwa	☐ Pa semèn	☐ Chak twa mwa	☐ Chak ane	☐ Lòt:	
☐ Lòt:	$_____	☐ Pa mwa	☐ Pa semèn	☐ Chak twa mwa	☐ Chak ane	☐ Lòt:	

* Kite Chan Taks sou Pwopriyete ak Asirans Kay vid si sa yo enkli nan peman ipotèk la.

Depans pou Sèvis Itilitè

Èske fwaye a responsab pou peman frè sèvis itilitè **separe** ak frè lojman yo? ☐ Wi ☐ Non

Si **wi**, tanpri ranpli seksyon anba a:

☐ Chofaj (luil, gaz, elektrisite oswa pwopàn, elatriye)

☐ Elektrisite pou klimatizè pandan sezon ete

☐ Yon frè pou itilizasyon klimatizè pandan sezon ete

☐ Elektrisite ak/oswa gaz (apa itilizasyon pou chofaj) dlo; egou, ak/oswa koleksyon fatra

☐ Telefòn fiks oswa sèvis telefòn pòtab (ki enkli peye davans)

Depans pou Swen Depandan

Èske gen yon moun ki responsab pou peye frè gadri pou Adilt oswa Timoun? ☐ Wi ☐ Non

Si **wi**, tanpri ranpli seksyon anba a:

Non Timoun oswa Depandan	**Montan Peye**	**Frekans**
_____	$_____	☐ Chak semèn ☐ Chak de semèn ☐ Chak mwa ☐ Lòt:
_____	$_____	☐ Chak semèn ☐ Chak de semèn ☐ Chak mwa ☐ Lòt:
_____	$_____	☐ Chak semèn ☐ Chak de semèn ☐ Chak mwa ☐ Lòt:
_____	$_____	☐ Chak semèn ☐ Chak de semèn ☐ Chak mwa ☐ Lòt:

Èske gen moun ki fè deplasman pou ale lakay yon founisè swen pou yon depandan epi/ oswa retounen? ☐ Wi ☐ Non

Si **wi**, tanpri ranpli seksyon anba a:

Non Depandan	**Adrès Founisè Swen Sante**	**Kantite Trajè nan Machin pa Semèn**		**Si w pa Kondi: Frè pou Transpò Piblik, Taksi, Navèt, elatriye**
		ALE	**TOUNEN**	

Depans Medikal

Èske yon moun ki gen omwen 60 an epi/oswa andikape gen **depans medikal ki soti nan pòch li**? ☐ Wi ☐ Non

Si **wi**, tanpri ranpli seksyon anba a:

Non	**Tip Depans**	**Frè Total pa Mwa**
_____	☐ Swen Medikal ☐ Asirans Sante ☐ Swen Dantè ☐ Lòt (medikaman san preskripsyon, ekipman Medikal, elatriye) ☐	_____
_____	☐ Swen Medikal ☐ Asirans Sante ☐ Swen Dantè ☐ Lòt (medikaman san preskripsyon, ekipman Medikal, elatriye) ☐	_____
_____	☐ Swen Medikal ☐ Asirans Sante ☐ Swen Dantè ☐ Lòt (medikaman san preskripsyon, ekipman Medikal, elatriye) ☐	_____

REMAK: Ou ka resevwa kredi pou depans ou responsab pou peye menm si ou anreta oswa ou pa kapab peye yo. Depans medikal yo enkli kopeman, preskripsyon, medikaman san preskripsyon, asirans sante, bòdwo medikal, transpò, ak plis ankò.

Èske gen yon moun ki fè deplasman pou ale nan swen medikal (tankou yon famasi, yon doktè, yon terapis, elatriye) epi/oswa tounen? ☐ Wi ☐ Non

Si **wi**, tanpri ranpli seksyon anba a:

Non	**Adrès Founisè Medikal**	**Kantite Trajè nan Machin pa Semèn**		**Depans pou Pakin, Transpò Piblik, Taksi, Navèt, elatriye***
		ALE	**TOUNEN**	

SNAP nan yon Lòt Eta

Èske gen yon moun ki te resevwa benefis SNAP andeyò Massachusetts nan 30 dènye jou ki sot pase yo? ☐ Wi ☐ Non

Si **wi**, ki moun? _____

Èske gen yon moun ki te resevwa yon avètisman nan yon lòt eta paske li pa t respekte Règ Travay SNAP yo? ☐ Wi ☐ Non

Si **wi**, ki moun? _____

Èd ak Aplikasyon

Èske w ta renmen ban nou pèmisyon pou nou kontakte yon moun oswa yon ajans si nou pa ka jwenn ou nan telefòn?* ☐ Wi ☐ Non

Si **wi**, tanpri ranpli seksyon anba a:

Non Moun nan oswa Ajans lan: _____

Nimewo Telefòn: _____

Adrès: _____

* Nou rele sa yon Moun/Ajans Asistan. Wòl sa a valab sèlman pandan peryòd aplikasyon an.

Otorizasyon pou Divilge Enfòmasyon

Èske w ta renmen bay yon moun oswa yon ajans pèmisyon pou pale ak DTA epi jwenn konfidansyèl enpòtan konsènan dosye w la?* ☐ Wi ☐ Non

Si **wi**, tanpri ranpli seksyon anba a:

Non Moun nan oswa Ajans lan: _____

Nimewo Telefòn: _____

Adrès: _____

* Wòl sa a pa ka rapòte chanjman oswa fè entèvyou. Pèmisyon an ap ekspire apre yon ane.

Reprezantan Otorize pou Sètifikasyon

Èske w ta renmen bay yon ajans oswa yon moun ou fè konfyans pèmisyon pou siyen fòm, rapòte chanjman, fè entèvyou, epi pale ak nou konsènan dosye w la?* ☐ Wi ☐ Non

Si **wi**, tanpri ranpli seksyon anba a:

Non Moun nan oswa Ajans lan: _____

Nimewo Telefòn: _____ Nim

* Pèmisyon an valab jiska anilasyon li.

Reprezantan Otorize pou Tranzaksyon EBT

Èske w ta renmen bay yon moun ou fè konfyans pèmisyon pou li resevwa yon kat EBT pou l achte manje pou ou nan itilize benefis SNAP ou yo?* ☐ Wi ☐ Non

Si **wi**, tanpri ranpli seksyon anba a:

Non Moun nan _____

Nimewo Telefòn: _____


Adrès: _____

* Yo dwe verifye idantite w anvan yo ba w yon kat. * Pèmisyon an valab jiska anilasyon li.

- Si w ta renmen anile yon kat EBT pou yon Reprezantan Otorize, rele 800-997-2555.
- Si w ta renmen anile nenpòt nan wòl ki anlè yo, rele 1-877-382-2363.

Kisa k ap Fèt Ansuit?

Konsève paj anba yo pou dosye w.

			
Apèl Telefonik	**Voye Verifikasyon**	**Resevwa Benefis SNAP**	**Konekte**
Nou pral rele w pou fè yon entèvyou. Si nou pa rive jwenn ou, nou pral voye yon lèt ba w pa lapòs pou nou pwograme yon entèvyou pa telefòn. Ou kapab rele nou tou nan 877-382-2363 lendi jiska vandredi soti 8:15 am rive 4:45 pm, pou fè yon	Si nesesè, nou pral ba w yon lis dokiman pou voye pou nou ka verifye kalifikasyon w. Ou genyen 30 jou apati dat aplikasyon w lan pou voye dokiman yo ban nou. Fè nou konnen si w bezwen èd!	Nou pral voye yon lèt desizyon ba ou pa lapòs nan yon delè 30 jou. Si yo apwouve w, nou pral mete benefis yo sou kat EBT w la. Si yo refize w, nou pral fè w konnen poukisa.	Vizite DTAConnect.com, itilize aplikasyon mobil DTA Connect la, oswa rele Liy Asistans DTA a nan 877-382-2363 pou verifye estati dosye a, mete ajou enfòmasyon sou dosye a, telechaje dokiman, ak anpil lòt bagay ankò!

Si w ta renmen jwenn plis enfòmasyon oswa bezwen èd, rele **877-382-2363** oswa vizite Mass.gov/DTA.

RESOUS ADISYONÈL

SNAP Path to Work: Jwenn founisè ki bay Travay ak Fòmasyon nan ale nan snappathtowork.org. Remak: Sa a se pou kliyan SNAP sèlman.	**SNAP-Ed:** Vizite sitwèb Edikasyon Nitrisyonèl SNAP la nan MAhealthyfoodsinaSNAP.org pou jwenn resèt ki bon pou lasante, konsèy kuizin, ak fason pou kenbe fanmi w aktif!
Massachusetts 2-1-1: Rele 211 pou jwenn pwogram sante ak sèvis sosyal nan zòn ou an.	**Project Bread:** Liy Dirèk Food Source Project Bread nan 800-645-8333 pou jwenn sous manje lokal yo.

OPSYON W POU VERIFIKASYON

- **Ou ka itilize lis verifikasyon sa a pou soumèt verifikasyon ak aplikasyon sa a. Sa pral ede nou ranpli aplikasyon w lan pi vit.**
- **Si ou pa gen tout prèv yo, PA tann pou soumèt aplikasyon w lan! Ou ka soumèt yo pita.**
- **Pou jwenn plis enfòmasyon, vizite Mass.gov/SNAPverifications.**

☐ **Si yon moun nan fwaye a genyen revni li touche nan travay,** voye ban nou prèv revni brit la (anvan taks) pou kat dènye semèn yo, tankou:

- ☐ Souch chèk, oswa dosye peman
- ☐ Prèv nenpòt salè ou te resevwa ak konbyen lè ou te travay
- ☐ Si w se yon travayè endepandan, dokiman biznis ki montre revni ak depans biznis yo, tankou:
  - ☐ Fòm Schedule C (1040 IRS)
  - ☐ fòm IRS 1099 oswa lòt dosye taks
  - ☐ Lòt dokiman tankou fakti, bòdwo, oswa resi ki montre revni ak/oswa depans biznis ou a

☐ **Si yon moun nan fwaye a genyen revni li pa fè nan travay,** voye prèv montan mansyè la ban nou, tankou:

- ☐ Lèt benefis oswa sibvansyon
- ☐ Deklarasyon ajans k ap fè peman yo

REMAK: Anjeneral, nou kapab verifye poukont nou montan Sekirite Sosyal, SSI, DOR pansyon alimantè pou Timoun, oswa benefis Konpansasyon Chomaj nan MA. Nou pral fè w konnen si nou verifye nenpòt nan dokiman sa yo.

☐ **Pou pwouve rezidans ou nan Massachusetts**, ou ka soumèt youn nan dokiman anba yo:

- ☐ Resi lwaye, kontra lwaye, oswa fòm Verifikasyon Pwopriyetè
- ☐ Deklarasyon ajans k ap fè peman yo
- ☐ Fòm Verifikasyon Lojman Pataje, oswa deklarasyon yon moun k ap viv ak ou

☐ **Si yon moun nan fwaye a ap peye pansyon alimantè pou timoun,** tanpri voye ban nou:

- ☐ Prèv obligasyon legal pou peye pansyon alimantè a (tankou yon òdonans tribinal) ak
- ☐ Prèv peman resan yo

☐ **Si yon moun nan fwaye a se yon non-sitwayen k ap aplike pou benefis**, tanpri soumèt prèv estati non-sitwayen an, tankou:

- ☐ Kat rezidans pèmanan (“kat vèt”)
- ☐ Kat Otorizasyon Travay
- ☐ Kat Rezidans Tanporè
- ☐ Dosye Rive-Depa (I-94)
- ☐ Tenm nan paspò
- ☐ Lòt dokiman ki montre estati imigrasyon aktyèl oswa annatant

☐ **Si yon moun nan fwaye se yon granmoun aje epi/oswa yon andikape epi li gen depans medikal mansyèl pou omwen $35**, tanpri soumèt prèv depans yo (tankou fakti, bòdwo oswa resi). Ou ka deklare pou tèt ou kèk frè transpò pou rezon medikal.

☐ **Si yon moun nan fwaye a genyen depans pou lojman,** voye prèv ban nou tankou:

- ☐ Resi lwaye
- ☐ Kontra Lwaye
- ☐ Lèt pwoprietè kay ou a
- ☐ Chèk anile oswa manda postal
- ☐ Relve ipotèk
- ☐ Taks sou pwopriyete oswa bòdwo asirans kay
- ☐ Si w pa lokatè prensipal oswa pwopriyetè kay la, bay yon deklarasyon moun ki abite ak ou a ki endike pòsyon pa w nan depans pou lojman an ak sèvis itilitè yo
- ☐ Lòt dokiman ki endike frè ak tip depans ke ou dwe peye

☐ **Si yon moun nan fwaye a genyen depans pou sèvis itilitè,** voye prèv ban nou tankou:

- ☐ Bòdwo pou chofaj, klimatizè, elektrisite, gaz oswa telefòn
- ☐ Bòdwo pou lòt sèvis itilitè tankou chabon, bwa pou chofaj, koleksyon fatra, dlo ak egou
- ☐ Kontra lwaye ki montre ke ou peye pou sèvis itilitè
- ☐ Lèt pwoprietè kay oswa ko-lokatè

☐ **Si yon moun nan fwaye a genyen depans pou swen depandan,** voye prèv ban nou tankou:

- ☐ Deklarasyon oswa lèt founisè
- ☐ Resi, chèk anile, oswa manda postal

☐ **Si yon moun nan fwaye a se yon etidyan nan inivèsite,** tanpri voye ban nou:

- ☐ Si moun sa a nan yon inivèsite kominotè, nenpòt dokiman lekòl la ki montre ke li aktyèlman enskri nan inivèsite a
- ☐ Si l ap resevwa Mass Grant oswa l ap patisipe nan yon pwogram travay-etid, yon lèt ki deklare yo ba li èd finansye
- ☐ Si l ap travay (oswa si l nan yon pwogram travay-etid), yon prèv revni brit la (anvan taks) pou kat dènye semèn ki sot pase yo, tankou sous chèk
- ☐ Si kliyan an patisipe nan yon pwogram fòmasyon, yon kopi lèt pwogram kote li ap patisipe a
- ☐ Si kliyan an pa gen kapasite mantal/fizik pou li travay, yon lèt yon doktè ekri ki fè konnen li pa kapab travay

☐ Tout kliyan pwogram SNAP dwe respekte Règ Travay ABAWD yo sof si yo satisfè yon egzansyon.

Pou jwenn yon lis egzansyon ak plis enfòmasyon sou règ travay SNAP yo, vizite www.mass.gov/snapworkrules oswa rele 877-382-2363.

Avi sou Dwa, Responsablite ak Sanksyon Department of Transitional Assistance (DTA)

- Avi sa a bay lis dwa ak responsablite pou tout pwogram DTA yo. Ou dwe respekte règ yo ki nan avi sa a pou pwogram ou aplike pou yo.
- Tanpri li paj sa yo epi kenbe yo pou dosye w.
- Enfòme DTA si w gen nenpòt kesyon.

Mwen fè sèman anba sanksyon pou fo temwayaj ke:

- Mwen te li enfòmasyon ki nan fòm sa a, oswa yon moun te li l pou mwen.
- Repons mwen yo nan fòm sa a vrè epi konplè dapre sa mwen konnen.
- Mwen pral bay DTA enfòmasyon ki vrè epi konplè dapre sa m byen konnen pandan entèvyou m nan epi alavni.

Mwen konprann ke:

- bay enfòmasyon ki fo oswa bay manti se fwòd,
- defòme oswa kenbe enfòmasyon pou jwenn benefis DTA se fwòd,
- yo konsidere fwòd kòm yon Intentional Program Violation (IPV), epi
- si DTA panse ke mwen te komèt fwòd, DTA ka pran sanksyon sivil ak kriminèl kont mwen.

Mwen konprann tou ke:

- DTA pral verifye enfòmasyon mwen bay yo nan aplikasyon mwen an. Si gen nenpòt enfòmasyon ki fo, DTA ka refize benefis mwen yo.
- Mwen ka sijè tou a pousuit kriminèl paske m te bay fo enfòmasyon.
- Si DTA resevwa enfòmasyon de yon sous ki fyab konsènan yon chanjman nan fwaye m, montan benefis mwen an ka chanje.
- Nan siyen fòm sa a, mwen bay DTA pèmisyon pou verifye kalifikasyon m pou benefis, tankou:
  - Jwenn enfòmasyon de lòt ajans etatik oswa federal, otorite lojman lokal, depatman byennèt andeyò eta a, enstitisyon finansye, ak Equifax Workforce Solutions (la Work Number). Mwen bay ajans sa yo pèmisyon tou pou yo pataje ak DTA enfòmasyon sou kalifikasyon fwaye m pou benefis.
  - Si DTA itilize enfòmasyon nan Equifax konsènan revni fanmi mwen touche, mwen gen dwa a yon kopi rapò Equifax mwen an gratis si mwen mande li nan yon delè 60 jou apre desizyon DTA a. Mwen gen dwa pou m kesyone enfòmasyon ki nan rapò a. M ka kontakte Equifax nan: Equifax Workforce Solutions, 11432 Lackland Road, St. Louis, MO 63146, 800-996-7566 (gratis).
- Mwen gen dwa a yon kopi aplikasyon m nan, ki enkli enfòmasyon ke DTA itilize pou deside sou kalifikasyon fwaye m ak montan benefis la. Mwen ka mande DTA yon kopi elektwonik aplikasyon ranpli a.

Kijan DTA pral itilize enfòmasyon m yo?

Nan siyen anba a, mwen bay DTA pèmisyon pou jwenn enfòmasyon nan men epi pataje

enfòmasyon sou mwen menm ak manm fwaye m yo ak:

- Bank, lekòl, gouvènman, anplwayè, mèt kay, konpayi sèvis itilitè ak lòt ajans pou verifiye si mwen kalifye pou benefis.
- Konpayi elektrik, gaz ak telefòn pou m ka jwenn rabè sou sèvis itilitè yo. Konpayi yo pa gen dwa pataje enfòmasyon m yo oswa itilize yo pou okenn lòt rezon.
- Department of Housing and Livable Communities la pou enskri m nan Heat & Eat Program la. Pwogram sa a ede moun jwenn plis benefis SNAP posiib.
- Department of Early and Secondary Education pou pitit mwen yo ka jwenn repa gratis nan lekòl.
- Pwogram Woman, Infants and Children (WIC) (Fanm, Tibebe ak Timoun) nan pou tout timoun ki poko gen 5 an oswa yon fanm ansent nan fwaye m ka resevwa WIC.
- United States Citizenship and Immigration Services (USCIS), pou verifye estati imigrasyon m. Enfòmasyon ki soti nan USCIS ka afekte kalifikasyon fwaye m ak montan benefis DTA yo.
- *Remak: Menm si ou pa kalifye pou benefis akòz estati imigrasyon w, DTA pa pral rapòte w bay otorite imigrasyon yo sof si ou montre DTA yon òdonans final pou depòtasyon.*
- Department of Revenue (DOR) pou verifye kalifikasyon mwen pou kredi taks ki baze sou revni, tankou Earned Income ak Limited Income, epi pou wè si m kalifye pou “No Tax Status” "Estati san Taks" oswa sitiyasyon difikilte.
- Department of Children and Families (DCF) pou kowòdone sèvis ke DTA ak DCF ofri ansanm yo.

Kijan DTA itilize Nimewo Sekirite Sosyal (NSS) yo?

DTA gen otorizazyon pou mande NSS yo dapre Food and Nutrition Act of 2008 (7 U.S.C. 2011-2036) pou SNAP ak dapre M.G.L. c. 18 Seksyon 33 pou TAFDC ak EAEDC. DTA itilize NSS pou:

- Verifye idantite ak kalifikasyon chak manm fwaye ke mwen aplike pou yo atravè pwogram matche done yo.
- Kontwole konfòmite ak règleman pwogram yo.
    - Kolekte lajan si DTA pretann ke m te resevwa benefis mwen pa t kalifye pou yo.
    - Ede ajans lapolis yo kenbe moun ki nan kache pou lalwa.

Mwen konprann ke m pa oblije bay DTA NSS nenpòt moun nan fwaye m ki pa sitwayen, ki enkli tèt mwen, ki pa ap mande benefis. Revni yon non-sitwayen kapab konte menm si non-sitwayen an pa resevwa benefis.

Dwa a yon Entèprèt

Mwen konprann ke:

- Mwen gen dwa a yon entèprèt pwofesyonèl gratis ke DTA bay si m prefere kominike nan yon lang ki pa Angle.
- Si m genyen yon odyans DTA, m ka mande DTA pou ban mwen yon entèprèt pwofesyonèl gratis, oswa si mwen prefere, mwen ka mennen yon moun pou entèprete pou mwen. Si m

bezwen pou DTA ban mwen yon entèprèt pou yon odyans, mwen dwe rele Divizyon Odyans lan omwen yon semèn anvan dat odyans lan.

Dwa pou Enskri pou Vote

Mwen konprann ke:

- Mwen gen dwa pou enskri pou m vote atravè DTA.
- DTA pral ede m ranpli fòm aplikasyon pou enskripsyon elektè a si m bezwen èd.
- Mwen ka ranpli fòm aplikasyon pou enskripsyon elektè a an prive.
- Aplike pou enskri oswa refize enskri pou vote pa pral afekte benefis DTA mwen yo.

Opòtinite Travay

Mwen dakò ke DTA ka pataje non ak enfòmasyon kontak mwen ak founisè travay ak fòmasyon, ki enkli:

- Founisè SNAP to Path Work oswa espesyalis DTA pou kliyan SNAP; ak
- Founisè Travay ak Fòmasyon sou Kontra oswa Full Engagement Workers pou kliyan TAFDC yo.

Kliyan SNAP yo ka patisipe volontèman nan sèvis edikasyon ak fòmasyon pou travay atravè pwogram
SNAP Path to Work la.

Estati Sitwayènte

Mwen fè sèman ke tout manm fwaye m k ap aplike pou benefis DTA se swa sitwayen Ameriken, swa non-sitwayen Ameriken ki rezide legalman.

Supplemental Nutrition Assistance Program

Mwen konprann ke:

- DTA jere pwogram SNAP la nan Massachusetts.
- Nan ranpli yon aplikasyon ak DTA (nan telefòn, anliy, an pèsòn, oswa pa mwayen lapòs oswa faks), DTA gen 30 jou apati dat li te resevwa aplikasyon mwen an pou deside si m kalifye.
    - Si m kalifye pou SNAP akselere (ijans), DTA dwe ban mwen SNAP epi fè si ke mwen genyen yon kat Electronic Benefit Transfer (EBT) nan yon delè 7 jou apati dat yo te resevwa aplikasyon mwen an.
    - Mwen gen dwa pou m pale ak yon sipèvizè DTA si:
        - DTA di ke m pa kalifye pou benefis SNAP ijans, epi m pa dakò.
        - Mwen kalifye pou benefis SNAP ijans, men m pa resevwa benefis mwen yo nan 7èm jou apre m te aplike pou SNAP.
        - Mwen kalifye pou benefis SNAP ijans, men m pa resevwa kat EBT mwen nan 7èm jou apre m te aplike pou SNAP.
- Lè m resevwa SNAP, mwen dwe respekte sèten règleman. Lè yo apwouve m pou SNAP, DTA pral ban mwen yon kopi bwochi “Your Right to Know” ("Dwa Ou pou Konnen") ak bwochi Pwogram SNAP la. Mwen pral li bwochi yo oswa fè yon moun li yo pou mwen. Si m

genyen nenpòt kesyon oswa mwen bezwen èd pou li oswa konprann enfòmasyon sa yo, mwen ka rele DTA nan 877-382-2363.

- **Enfòme DTA konsènan chanjman ki fèt nan fwaye mwen:**
  - Si mwen se yon fwaye SNAP Simplified Reporting, mwen pa oblije rapòte bay DTA pifò chanjman anvan dat limit Rapò Pwovizwa a oswa Resètifikasyon an. Sèl bagay yo mwen dwe rapòte pi bonè se:
    - Si revni fwaye m depase limit revni brit la (ki endike nan avi apwobasyon mwen an).
      - Mwen dwe rapòte sa anvan 10èm jou nan mwa apre mwa revni m nan te depase limit la.
    - Si m dwe respekte Règleman Travay Able-Bodied Adults Without Dependents (ABAWD) epi lè travay mwen yo desann pi ba pase 20 èdtan pa semèn.
  - Si tout moun nan fwaye m genyen 60 an oswa plis, andikape, oswa poko gen 18 an, epi pèsonn pa gen salè nan travay, sèl bagay mwen dwe rapòte se:
    - Si yon moun kòmanse travay, oswa
    - Yon moun vin jwenn oswa kite fwaye mwen.
      - Mwen dwe rapòte chanjman sa yo anvan 10èm jou nan mwa apre mwa chanjman an.
  - Si m resevwa SNAP atravè Transitional Benefits Alternative (TBA) paske TAFDC mwen te sispann, mwen pa oblije rapòte okenn chanjman bay DTA pandan 5 mwa mwen resevwa TBA a.
  - Si mwen resevwa SNAP atravè Bay State CAP, mwen pa oblije rapòte okenn chanjman bay DTA.

Si mwen menm ak tout moun nan fwaye m resevwa asistans lajan kach (TAFDC oswa EAEDC), mwen dwe rapòte sèten chanjman bay DTA nan yon delè 10 jou apre chanjman an. Gade **Kilè mwen dwe enfòme DTA konsènan chanjman ki fèt nan fwaye mwen?** anba **Transitional Aid to Families with Dependent Children (TAFDC) ak Emergency Aid to the Elderly, Disabled, and Children (EAEDC)** anba a.

Mwen ka resevwa plis benefis SNAP si m rapòte epi bay DTA prèv pou bagay ki anba yo, nenpòt lè:

- Depans pou swen timoun oswa lòt depandan, depans pou abri, ak/oswa depans pou sèvis itilitè yo;
- Sipò timoun ke mwen menm (oswa yon moun nan fwaye m) legalman oblije peye yon moun ki pa nan fwaye a; epi
- Depans medikal pou manm fwaye m, ki enkli mwen menm, ki gen 60 an oswa plis oswa ki andikape.

Règleman travay pou kliyan SNAP: Si w resevwa benefis SNAP epi ou genyen ant 16 ak 59 an, ou ka bezwen satisfè règleman travay ABAWD yo ak/oswa règleman jeneral SNAP yo sof si ou egzante. DTA pral enfòme m ak manm fwaye mwen si nou bezwen satisfè nenpòt Règleman Travay, kisa egzansyon yo ye, ak kisa ki pral rive si nou pa respekte règleman yo.

Si w anba SNAP Work Rules:

- Ou dwe enskri pou travay pandan aplikasyon w lan ak lè w ap resètifye pou SNAP. Ou enskri lè ou siyen aplikasyon SNAP la oswa fòm resètifikasyon an.
- Ou dwe bay DTA enfòmasyon sou estati travay ou lè DTA mande w li.
- Ou dwe prezante kote yon anplwayè si DTA refere w.
- Ou dwe aksepte yon òf travay (sòf si ou gen yon rezon valid pou pa fè sa).
- Ou pa dwe kite yon travay ki gen plis pase 30 èdtan pa semèn san yon rezon valid.
- Ou pa dwe koupe nan lè travay ou pou mwens pase 30 èdtan pa semèn san yon rezon.

Règleman SNAP

- Pa bay fo enfòmasyon oswa kache enfòmasyon pou resevwa benefis SNAP.
- Pa fè echanj ak oswa vann benefis SNAP.
- Pa modifye kat EBT pou resevwa benefis SNAP ou pa kalifye pou yo.
- Pa itilize benefis SNAP pou achte atik ki pa kalifye, tankou bwason alkolize ak tabak.
- Pa itilize benefis SNAP oswa kat EBT yon lòt moun sof si ou se yon reprezantan otorize, oswa benefisyè a te ba ou pèmisyon pou itilize kat li a nan non li.

Avètisman sou Sanksyon SNAP

Mwen konprann ke mwen menm oswa nenpòt moun nan fwaye SNAP mwen an entansyonèlman vyole nenpòt nan règleman ki endike anlè yo, moun sa a pa pral kalifye pou SNAP pou *yon ane* apre premye vyolasyon an, *dezan apre dezyèm vyolasyon an epi pou tout tan* apre twazyèm vyolasyon an. Moun sa a kapab peye yon amann jiska $250,000, ale nan prizon pou jiska 20 an, oswa toude. Li kapab tou sijè a pousuit dapre lwa Federal ak Etatik.

M konprann tou sanksyon ki anba yo: Si mwen menm oswa yon manm nan fwaye SNAP mwen:

- Komèt yon Intentional Program Violation (IPV) **pwogram lajan kach**, li pa pral kalifye pou SNAP pou menm peryòd li pa kalifye pou asistans lajan kach la.
- Fè yon fo deklarasyon sou idantite oswa rezidans li pou resevwa plizyè benefis SNAP alafwa, li pa pral kalifye pou SNAP pandan ***dizan***.
- Fè ehanj ak (achte oswa vann) benefis SNAP pou yon sibstans kontwole/dwòg ilegal (yo), li pa pral kalifye pou SNAP pou ***dezan*** pou premye konsta a, epi ***pou tout tan*** pou dezyèm konsta a.
- Fè echanj ak (achte oswa vann) benefis SNAP pou zam afe, minisyon oswa eksplozif, yo pa pral kalifye pou SNAP ***pou tout tan***.
- Fè yon òf pou vann benefis SNAP oswa yon kat EBT anliy oswa an pèsòn, Eta a ka pousuiv yon IPV kont yo.
- Peye pou manje ki te achte kredi, li pa pral kalifye pou SNAP.
- Achte pwodui ak benefis SNAP ak entansyon pou jete kontni yo epi tounen resipyan yo pou lajan kach, li pa pral kalifye pou SNAP.
- Sove pou evite pousuit, gad oswa prizon apre li te fin kondane pou yon krim, li pa pral kalifye pou SNAP.
- Vyolasyon pwobasyon oswa libète sou kondisyon, kote lapolis aktivman ap chèche arete li, li pa pral kalifye pou SNAP.

Nenpòt moun ki te vin yon kriminèl kondane apre 7 fevriye 2014 pa kalifye pou benefis SNAP si li se yon kriminèl ki nan sove oswa nan vyolasyon pwobasyon oswa libète sou kondisyon - nan konfòmite ak 7 CFR §273.11(n) - **epi** li te kondane kòm adilt pou:

1. Abi seksyèl grav dapre seksyon 2241 tit 18, U.S.C.;
2. Asasina dapre seksyon 1111 tit 18, U.S.C.;
3. Nenpòt ofans dapre chapit 110 Tit 18, U.S.C.;
4. Yon ofans Federal oswa Etatik ki enplike agresyon seksyèl, jan sa defini nan seksyon 40002(a) VAWA 1994 la (42 U.S.C. 13925a); oswa
5. Yon ofans dapre lwa Etatik ke Pwokirè Jeneral la te jije sanble anpil ak yon ofans ki dekri nan lis sa a.

Deklarasyon sou Non-diskriminasyon

Dapre lwa sou dwa sivil federal ak règleman ak politik Depatman Agrikilti Ameriken (USDA), enstitisyon sa a entèdi pou fè diskriminasyon sou baz ras, koulè, orijin nasyonal, sèks (ki gen ladan idantite sèks ak oryantasyon seksyèl), kwayans relijye, andikap, laj, kwayans politik, oswa reprezay oswa revanj pou aktivite anvan dwa sivil yo.

Yo kapab mete enfòmasyon sou pwogram yo disponib nan lòt lang ki pa Angle. Moun ki gen andikap ki bezwen lòt mwayen kominikasyon pou jwenn enfòmasyon sou pwogram yo (pa egzanp, Bray, gwo lèt, kasèt odyo, Lang siy Ameriken), ta dwe kontakte ajans (eta oswa lokal) kote yo te aplike pou avantaj yo. Moun ki soud, ki mal pou tande oswa ki gen andikap pou pale kapab kontakte USDA atravè Sèvis Relay Federal la nan (800) 877-8339.

Pou depoze yon plent pou diskriminasyon nan pwogram lan, yon moun k ap pote plent ta dwe ranpli yon Fòm AD-3027, Ou kapab jwen yon Fòmilè pou Plent sou Diskriminasyon nan Pwogram USDA a sou Entènèt nan: https://www.fns.usda.gov/sites/default/files/resource-files/ ad3027-haitian-creole.pdf, nan nenpòt biwo USDA, lè w rele (866) 632-9992, oswa lè w ekri yon lèt ki adrese bay USDA. Lèt la dwe genyen non moun k ap pote plent lan, adrès, nimewo telefòn, ak yon deskripsyon alekri sou swadizan aksyon diskriminatwa a ak ase detay pou enfòme Asistan Sekretè Dwa Sivil la (ASCR) sou nati ak dat yon swadizan vyolasyon dwa sivil la. Ou dwe soumèt fòm oswa lèt AD-3027 ki ranpli a:

1. **pa lapòs**:
   Food and Nutrition Service, USDA
   1320 Braddock Place, Room 334
   Alexandria, VA 22314; oswa

2. **faks**:
   (833)-256-1665 oswa (202)-690-7442; oswa

3. **imèl**:
   FNSCIVILRIGHTSCOMPLAINTS@usda.gov

Enstitisyon sa a se yon founisè opòtinite egalego.

Transitional Aid to Families with Dependent Children (TAFDC) ak Emergency Aid to the Elderly, Disabled, and Children (EAEDC)

TAFDC ak EAEDC se pwogram asistans lajan kach. Pou konnen plis ak pou aplike, vizite DTAConnect.com oswa rele biwo DTA lokal ou a. Enfòmasyon sa a aplike sèlman pou fwaye ki ap aplike pou oswa resevwa TAFDC oswa EAEDC.

Kilè m dwe enfòme DTA sou chanjman ki fèt nan fwaye m?
Mwen dwe enfòme DTA sou chanjman ki kapab afekte TAFDC oswa EAEDC mwen (benefis lajan kach) **nan yon delè 10 jou,** sa enkli nenpòt chanjman nan adrès mwen, ak ki moun mwen abite, gwosè fanmi an, dat kòmanse ak kanpe travay, asirans sante, ak nenpòt chanjman nan revni mwen ki plis pase $100 pa mwa. Mwen pa oblije enfòme DTA sou yon chanjman nan salè m ki mwens ke $100 pa mwa.

Kijan m ka jwenn asirans sante?

- Si m resevwa TAFDC oswa EAEDC, m pral resevwa MassHealth tou.
- Si yo refize m TAFDC oswa EAEDC oswa benefis mwen yo sispann, mwen bezwen aplike pou MassHealth separeman. Pou mande yon aplikasyon pou MassHealth rele 800-841-2900.

Si m resevwa MassHealth, mwen dakò ke MassHealth ka kolekte:

- lajan ke yo dwe m nan yon lòt sous pou swen medikal mwen, ak
- sipò medikal nan men paran absan nenpòt timoun ki poko gen 19 an ki resevwa benefis MassHealth.

Èske gen règleman espesyal si mwen kalifye sèlman akòz yon aksidan oswa blesi?
Si fanmi m resevwa benefis MassHealth oswa DTA akòz yon aksidan oswa blesi, mwen dwe itilize nenpòt lajan mwen resevwa pou aksidan an oswa blesi a pou m ranbouse yo. Lajan an ka soti nan yon polis asirans, yon règleman, oswa nenpòt lòt sous. Sa aplikab menm si mwen poko konnen kisa sous posib yo ye pou lajan an.

M dakò pou kolabore ak MassHealth ak DTA nan:

- Depoze demann pou lajan nan lòt sous.
- Enfòme MassHealth ak DTA tousuit sou nenpòt reklamasyon asirans, pwosè, oswa lòt pwosesis pou jwenn lajan.
- Bay MassHealth ak DTA nouvo enfòmasyon lè mwen jwenn yo.

Si mwen pa kolabore, MassHealth ak DTA ka sispann oswa refize benefis mwen yo. Mwen dakò ke MassHealth ak DTA ka:

- Pataje enfòmasyon sou benefis mwen yo pou ka kolekte lajan pou ranbouse benefis sa yo.
- Gade tout dosye sou lajan mwen ta ka resevwa akòz aksidan an oswa blesi a, tankou dosye nan Department of Industrial Accidents.

Si m resevwa EAEDC paske mwen gen yon andikap oswa mwen gen plis pase 65 an, mwen dwe aplike pou benefis Supplemental Security Income (SSI) federal. Si yo apwouve m pou benefis SSI ki kouvri nan menm peryòd ke mwen te resevwa EAEDC a, Administrasyon Sekirite Sosyal la pral voye kèk nan SSI retwoaktif mwen bay DTA pou ranbouse EAEDC a.

Avi Enpòtan Konsènan Lalwa ak Benefis Ou yo

Yon Intentional Program Violation (IPV) se entansyonèlman bay yon deklarasyon ki fo oswa pou twonpe oswa defòme, kache, oswa kenbe enfòmasyon, swa aloral swa alekri, yon fason pou etabli oswa kenbe kalifikasyon pou benefis TAFDC oswa EAEDC, oswa pou jwenn benefis mwen pa gen dwa a yo.

Si yon tribinal oswa yon odyans diskalifikasyon administratif rekonèt mwen koupab de yon IPV, mwen pral diskalifye pou resevwa benefis TAFDC oswa EAEDC pou yon peryòd:

- 6 mwa pou premye vyolasyon an
- 12 mwa pou dezyèm vyolasyon an
- pou tout tan pou twazyèm vyolasyon an

Anplis de sa, lòt lwa kapab aplike.

Entèdiksyon sou Acha ak Kat EBT

Mwen konprann ke li ilegal pou itilize lajan TAFDC oswa EAEDC ki genyen sou yon kat Electronic Benefit Transfer (EBT) pou peye pou bagay sa yo: bwason alkolize; pwodui tabak; biyè lotri; materyèl oswa pèfòmans pou adilt; jwèt aza; zam afe ak minisyon; sèvis vakans; tatwaj; pèse kò; bijou; televizyon; estereyo; jwèt videyo oswa konsòl nan magazen pou lwe ak opsyon pou achte; mariwana lwazi; frè ke tribinal òdone; amann; kosyon oswa kosyònman.

Entèdiksyon sou ki Kote mwen ka Itilize Kat EBT Mwen an

Mwen konprann ke li ilegal pou mwen itilize kat Electronic Benefit Transfer (EBT) mwen nan lokal sa yo: magazen liv pou adilt; magazen akseswa pou adilt oswa etablisman pèfòmans espektak pou adilt; dilè minisyon; kazino; kazino jwèt aza oswa etablisman jwèt aza; bato kwazyè; dilè zam afe; magazen bijou; magazen alkòl; salon pou maniki oswa bote, ajans transfè lajan nan peyi etranje; magazen marigwana oswa salon tatwaj.

Sanksyon pou acha ak lajan entèdi ak kat EBT

- **Premye Ofans:** Mwen dwe ranbouse DTA montan ki te depanse a.
- **Dezyèm Ofans**: Mwen dwe ranbouse DTA montan mwen te depanse a epi mwen pral pèdi benefis lajan kash pou **de mwa**.
- **Twazyèm Ofans**: Mwen dwe ranbouse DTA montan ki te depanse a epi pral pèdi benefis lajan kash **pou tout tan**.

Siyati:

Nan siyen aplikasyon sa a, mwen sètifye ke mwen konprann epi dakò ak "Dwa, Responsablite ak Sanksyon yo."

Siyati Aplikan: _____

Dat: _____